

## **Renewal Instructions and Checklist/Enstriksyon ak Lis Verifikasyon pou Renouvèlman**

Chè Pwopriyetè Biznis:

Ou dwe satisfè tout egzijans pou renouvèlman lisans yo anvan dat ekspirasyon lisans lan rive. Si w pa satisfè tout egzijans yo anvan dat ekspirasyon an, yo pral refize fè renouvèlman lisans lan.

Si gen nenpòt chanjman nan **Lokal biznis lan, Pwopriyete ak/oswa Non Biznis lan**, ou dwe soumèt yon chanjman aplikasyon pou reflekte chanjman sa yo. Klike [la a](#) pou jwenn aplikasyon yo.

### **REMAK:**

Tout baz Taksi yo dwe satisfè egzijans depasman pou Machin ki Aksesib pou Chèz Woulant. Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans lan, ale sou <https://www1.nyc.gov/site/tlc/about/fhv-accessibility-base.page>.

## **Peman pou Renouvèlman ak Enstriksyon pou Soumèt Dokiman**

### **1. Peman SOU ENTÈNÈT:** Fè peman pou

renouvèlman sou <https://www1.nyc.gov/lars/>

- Frè renouvèlman ki se \$1,500.00 dola pou yon Otorizasyon lisans Baz FHV yo ak lisans pou Transpò Adapte pou 3 lane
- Frè renouvèlman ki se \$550 dola pou yon Otorizasyon lisans Venn pou Pasaje (VN) pou 2 lane
- **[Aplikasyon pou Renouvèlman Apwobasyon SHL](#)** dwe soumèt nan imèl nan: [businessmr@tlc.nyc.gov](mailto:businessmr@tlc.nyc.gov)  
\$3,000.00 dola anplis pou yon frè renouvèlman SHL Apwouve pou 3 lane, **fas-a-fas** nan randevou **sèlman**. Nou pral egzamine aplikasyon an epi kowòdone yon dat randevou.

### **2. Soumisyon Dokiman yo:**

- Eskane dokiman yo epi soumèt yo nan imèl nan: [businessmr@tlc.nyc.gov](mailto:businessmr@tlc.nyc.gov)
- Se SÈLMAN dokiman PDF yo aksepte
- Make oswa nonmen dokiman yo

### 3. Pou fè Renouvèlman Baz ou an, yo egzije bagay sa yo:

<b>EGZIJANS YO</b>	<b>MACHIN LÒT KOULÈ</b>	<b>MACHIN NWA</b>	<b>MACHIN LIKS</b>	<b>TRANSPÒ ADAPTE</b>	<b>VENN POU PASAJE</b>
<b>Obligasyon Garanti \$5,000 dola pou avantaj nan Vil New York</b>	✓	✓	✓		
<b>Plan Fonksyònman Global (Comprehensive Operating Plan, COP).</b> Ou kapab jwenn enstriksyon yo <a href="#">la a</a> .	✓				
<b>Deklarasyon Apwobasyon Manm Konsèy Minisipal la ak Konsèy Kominotè a:</b> Dwe soumèt yon lèt ki di pa gen objeksyon ki soti nan toude antite yo, OSWA Yon kopi lèt yo voye bay chak antite ki gen resi ki konfime yo resevwa li.	✓				
<b>Konfimasyon Pakin Deyò Lari:</b> Dwe ranpli epi soumèt <a href="#">Konfimasyon</a> an.	✓				
<b>Pyès idantite ki gen foto</b> – pou tout direktè, polisye ak manadjè. Pyès idantite valid, gouvènman an bay obligatwa.	✓	✓	✓	✓	✓
<b>Sètifika Asirans Dedomajman pou Aksidan nan Travay</b> OSWA <b>Prèy ki montre ou se Manm nan New York Black Car Operators' Injury Compensation Fund, Inc.</b> (Baz Machin Nwa ak Baz Machin Liks yo sèlman)	✓	✓	✓	✓	✓
<b>Konfimasyon Kontra Lwaye Komèsyal:</b> Ranpli epi soumèt <a href="#">Konfimasyon</a> an.	✓	✓	✓	✓	✓
Kat planifikasyon <b>Tarif Zònswa Tarif pou Liv Pri Kous</b> , nenpòt sa ki apwopriye a	✓	✓	✓	✓	
Kopi dènye lèt apwobasyon <b>Akò Franchiz</b> la, OSWA Lèt resi Akò Franchiz la, OSWA Lèt deklarasyon ki di antite Komèsyal la gen <b>Estatikowoperativ</b> .		✓			
<b>Sekirite Enfòmasyon ak Itilizasyon Politik Enfòmasyon Pèsonèl:</b> Ranpli epi soumèt <a href="#">deklarasyon</a> an.	✓	✓	✓		
<b>Deklarasyon Aplikasyon Deplasman an:</b> Ranpli epi soumèt <a href="#">Konfimasyon</a> an.	✓	✓	✓		
Kopi dènye bòdwo telefòn Baz la, avèk nimewo telefòn lan:	✓	✓	✓	✓	✓
<b>Baz la dwe gen omwen 10 machin ki afekte</b> ak Baz la OSWA <b>5 machin</b> (1 dwe se yon machin ki aksesib pou chèz woulant) ( <b>Baz PR &amp; CV</b> – mande omwen yon (1) machin ki afekte)	✓	✓	✓	✓	✓
<b>Pa dwe TLC okenn jijman:</b> Fòk yo efase tout sispansyon yo, epi peye jijman yo.	✓	✓	✓	✓	✓